Pou Piblikasyon Imedya: 26/08/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KOUP DI MOND FIFA 2026™ LA PRAL GEN YON ENPAK EKONOMIK REJYONAL KI NAN 3.5 MILYA DOLA

Enpak ekonomik nan Nouyòk ak New Jersey depase premye estimasyon 3.3 milya dola a, gras ak 1.9 milya dola nan depans dirèk

Tounwa a te soutni plis pase 27,000 travay an total, li te jenere 1.4 milya dola nan revni travay total epi li te pote plis pase 414 milyon dola nan revni total taks eta ak lokal nan tout rejyon an

Etid final la mete aksan sou pozisyon Nouyòk ak New Jersey kòm destinasyon prensipal nan mond lan pou gwo evènman espòtif mondyal

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse Koup di Mond FIFA 2026™ la te jenere 3.5 milya dola nan enpak ekonomik total nan Nouyòk ak New Jersey, sa ki depase enpak 3.3 milya dola yo te prevwa okòmansman pou rejyon an. Rapò Tourism Economics, yon konpayi Oxford Economics, te fè sou Enpak Ekonomik ak Fiskal Koup di Mond FIFA 2026 la nan Rejyon Nouyòk ak New Jersey montre anplè ekstrawòdinè aktivite ekonomik ki te kreye lè rejyon an te òganize pi gwo evènman espòtif nan mond lan.

"Misyon nou se te akeyi mond lan nan Nouyòk, pandan nou t ap asire chak Nouyòkè te gen chans pou patisipe nan evènman sa a ki fèt yon sèl fwa nan yon jenerasyon epi benefisye l," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Epi se egzakteman sa nou te fè. Soti nan ogmantasyon depans nan biznis ak restoran lokal yo rive nan ogmantasyon revni otèl yo, Koup di Mond lan kite yon enpak dirab sou eta nou an. Isit la nan Nouyòk, nou vle kontinye asire Nouyòkè yo benefisye epi jwenn lajwa nan Koup di Mond lan lè nou konstwi plis enfrastrikti foutbòl pou timoun nou yo jwe nan tout eta a."

Aktivite Koup di Mond FIFA 2026™ la nan Nouyòk ak New Jersey te jenere anviwon 1.9 milya dola nan depans dirèk, te soutni 27,424 travay aplentan ak atan pasyèl an total, te jenere anviwon 1.4 milya dola nan revni travay total epi te pote 414.2 milyon dola nan revni total taks eta ak lokal.

Nou te santi enpak la nan tout ekonomi rejyonal la pandan Nouyòk ak New Jersey t ap akeyi vizitè ki soti toupatou nan Etazini ak nan mond lan pou uit match nan Estad Nouyòk ak New Jersey a, tankou Final Koup di Mond FIFA a, ansanm ak Evènman Ofisyèl pou Fanatik yo ki te gratis ak lòt pwogram afilye nan tout New Jersey, nan senk

awondisman Vil Nouyòk yo ak nan tout Eta Nouyòk. Plis pase 645,000 fanatik te asiste uit match Koup di Mond ki te fèt nan rejyon an, alòske 626,300 lòt vizitè ki pa t abite nan zòn nan te vwayaje nan Nouyòk oswa New Jersey pou patisipe nan aktivite ki gen rapò ak Koup di Mond lan, tankou eksperyans rejyonal pou fanatik yo. Ansanm, moun ki te patisipe nan match yo ak moun ki te patisipe nan lòt aktivite yo te jenere anviwon 1.7 milya dola nan depans dirèk nan ekonomi rejyonal la.

Depans fonksyònman ki te asosye ak òganizasyon tounwa a te totalize anviwon 286 milyon dola.

Benefis ekonomik tounwa a te rive atenn biznis ak travayè nan anpil kalite endistri:

- Sèvis lojman: Anviwon 653 milyon dola nan depans dirèk
- Manje ak bwason: Anviwon 346 milyon dola nan depans dirèk
- Komès an detay: Anviwon 264 milyon dola nan depans dirèk
- Transpò: Anviwon 200 milyon dola nan depans dirèk
- Lwazi ak amizman: Anviwon 195 milyon dola nan depans dirèk

Anplis depans dirèk vizitè yo ak depans fonksyònman yo, lajan sa yo te kontinye sikile nan tout Nouyòk ak New Jersey atravè acha nan men founisè rejyonal yo ak lajan travayè yo te depanse, alòske tounwa a te soutni djòb ak revni travayè sa yo. An total, anviwon 1.9 milya dola nan aktivite ekonomik dirèk te jenere 693 milyon dola anplis nan aktivite komèsyal endirèk ak 916 milyon dola nan aktivite ekonomik ki te pwovoke, sa ki te pote enpak ekonomik rejyonal total tounwa a nan anviwon 3.5 milya dola.

Direktè Prensipal Gwo Evènman yo, Justin Brannan, te deklare, "Soti Lower East Side rive Niagara Falls, Koup di Mond lan se te yon viktwa klè pou Nouyòk. Pandan je mond lan te fikse sou nou, Gouvènè Hochul te yon lòt fwa ankò pote rezilta, epi grasa yon kowòdinasyon ekstrawòdinè nan tout nivo gouvènman an, nou te akeyi plizyè milyon fanatik epi nou te òganize avèk siksè youn nan pi gwo evènman espòtif nan listwa — yon fason ki te an sekirite, san pwoblèm epi enklizif. Se te yon ete ki fèt yon sèl fwa nan yon jenerasyon, epi rapò sa a pwouve envestisman entelijan nan gwo evènman pote bon jan benefis: yo soutni travay, yo pote kliyan nan kominote lokal yo epi yo jenere randman ekonomik nan tout eta a. Nouyòk pa t sèlman akeyi mond lan; nou te asire Nouyòkè yo benefisye ladan l — epi nou te montre, sou pi gwo sèn nou ka imajine a, egzakteman sa Nouyòk fè pi byen."

Direktè Egzekitif Jeneral Komite Òganizatè Koup di Mond 2026™ Nouyòk ak New Jersey a, Alex Lasry, te deklare, "Chif final yo montre Nouyòk ak New Jersey pa t sèlman montre yo te alawotè — nou te depase atant yo epi nou te kreye yon enpak moun yo pral santi yon bn tan apre dènye kout siflèt la. Plizyè milya dola te sikile atravè otèl, restoran, ti biznis ak kominote nou yo; yo te soutni plizyè dizèn milye travay, epi moun nan tout rejyon an te benefisye lefètke nou te akeyi mond lan. Sa ki enpòtan menm jan an, enpak la pa t fini avèk Final la. Envestisman, patenarya ak vizibilite mondyal ki te kreye atravè Koup di Mond sa a ap kontinye pote benefis pou kominote

nou yo epi yon lòt fwa ankò yo montre pa gen pi bon kote nan mond lan pase Nouyòk ak New Jersey pou òganize pi gwo moman nan espò ak kilti."

Etid la te jwenn tounwa a te soutni 27,424 travay an total nan Nouyòk ak New Jersey, tankou prèske 18,000 travay depans fonksyònman Koup di Mond lan ak depans vizitè yo te soutni dirèkteman. Biznis manje ak bwason yo te gen pi gwo enpak sou travay, kote yo te soutni anviwon 4,500 travay an total, apre sa te gen transpò avèk anviwon 4,400 travay ak sèvis lojman avèk anviwon 4,000 travay. Enpak sa yo sou travay te reprezante anviwon 1.4 milya dola nan revni travay total pou travayè nan tout ekonomi rejyonal la, tankou anviwon 792 milyon dola nan revni travay dirèk ak yon lòt 580 milyon dola ki te jenere atravè aktivite ekonomik endirèk ak aktivite ekonomik ki te pwovoke.

Tounwa a te pwodui benefis enpòtan tou pou sektè piblik la. Aktivite rejyonal ki te gen rapò ak Koup di Mond lan te jenere anviwon 759 milyon dola nan revni total taks federal, eta ak lokal, tankou 414.2 milyon dola pou gouvènman eta ak lokal yo. Sa te gen ladan anviwon 174 milyon dola nan revni total taks sou lavant ak prèske 39 milyon dola nan revni total taks sou lokasyon chanm otèl.

Tourism Economics te fè analiz anvan ak apre evènman an pou mezire enpak ekonomik Koup di Mond FIFA 2026™ la sou rejyon Nouyòk ak New Jersey a.

Premye analiz la, ki te pibliye an jiyè 2025, te prevwa tounwa a t ap jenere 3.3 milya dola nan pwodiksyon ekonomik total nan Nouyòk ak New Jersey. Apre tounwa a te fini, Tourism Economics te fè yon analiz apre evènman an nan mwa out 2026 avèk menm metodoloji a, kote li te mete prensipal done yo itilize nan modèl la ajou pou reflete done reyèl tounwa a. Analiz la te jwenn Koup di Mond FIFA 2026™ la te jenere 3.5 milya dola nan pwodiksyon ekonomik total nan tout rejyon an, sa ki te depase premye estimasyon an.

Plizyè faktè te lakòz ogmantasyon an, tankou depans fonksyònman Komite Òganizatè Koup di Mond FIFA 2026™ Nouyòk ak New Jersey a, gouvènman lokal ak federal yo ak lòt moun ki gen enterè yo te fè, ki te pi wo pase sa yo te prevwa; plis moun te patisipe nan Evènman Ofisyèl pou Fanatik yo pase sa yo te prevwa okòmansman, byenke yon pi gwo pousantaj patisipan yo te moun lokal; epi yon pi gwo pousantaj moun ki te asiste match yo te vizitè entènasyonal pase sa yo te prevwa okòmansman, byenke yon pi gwo pousantaj moun ki te asiste match yo te moun lokal.

Pwogram Sibvansyon Koup di Mond Kominotè Eta Nouyòk ki vo 500,000 dola te asire ke yo te selebre Koup di Mond FIFA 2026 la nan tout Eta Nouyòk grasa sipò pou evènman difizyon ki te dirije lokalman. Li gen pou objektif pou ankouraje aktivite ekonomik rejyonal, ogmante vizit nan biznis lokal yo, epi bay tout Nouyòkè yo yon opòtinite an sekirite epi aksesib pou patisipe nan evènman espòtif mondyal sa a ki fèt yon sèl fwa nan yon jenerasyon. Kòm rezilta, 13 pwojè nan sèt rejyon nan Nò a te resevwa sibvansyon Aktivasyon Rejyonal pou pwodui plizyè douzèn evènman kominotè ki gen tèm Koup di Mond.

Nan Stony Brook University (Inivèsite Stony Brook) nan dat 12 jen, evènman prensipal eta a nan Long Island te gen apeprè 6,000 patisipan pandan tout jounen an, ki gen ladan anviwon 5,000 pou fèt pou gade match Etazini kont Paragwe nan sware. Evènman an te gratis e favorab pou fanmi yo, e li te gen ladan l difizyon match an dirèk, yon konsè pa Third Eye Blind, yon Zòn Fanatik pou Fanmi, eksperyans foutbòl entèraktif, vandè manje, ak ekspozisyon ki ouvè pou piblik la ki soti nan ajans Eta yo. Evènman Stony Brook la te asire tou ke yo te entegre enklizyon ak aksè nan evènman an depi nan kòmansman an, ak zòn difizyon ki aksesib, aranjman pou ADA, planifikasyon enklizif, patisipasyon nan Special Olympics New York, ak pwogramasyon familyal pou patisipan tout nivo.

Fèt pou gade match Koup di Mond nan UBS Arena nan dat 19 jen an te atire plis pase 13,000 patisipan pandan de match, ki gen ladan anviwon 3,000 pou Etazini kont Ostrali ak plis pase 10,000 pou Ayiti kont Brezil. Sa te lakòz yon fèt pou gade match ki te chaje ak enèji, yon fèt ki te konbine difizyon match an dirèk, aktivite pou fanatik yo anndan kou deyò, eksperyans ekip, manje ak bwason, ak yon gwo espas rasanbleman kominotè. Li te reyini tou UBS Arena, Oak View Group, New York Mets yo, New York Islanders yo, ak New York City Football Club nan yon patenarya ant sektè ki ra ki te ede pwolonje benefis Koup di Mond lan odela estad òganizatè a.

Eksperyans Difizyon gratis pou gade Koup di Mond 2026 la ke yo rele New York State United — nan Kensico Dam Plaza nan konte Westchester te akeyi plis pase 5,500 Nouyòkè. Plis pase 25 patnè, tankou Ajans Eta Nouyòk yo, fòs de lòd lokal yo, ekip foutbòl lokal yo, ak plis ankò, te òganize aktivite ki favorab pou fanmi yo anvan match la te kòmanse. Anplis de sa, 18 machann manje ak bwason lokal te patisipe, sa ki te ranfòse kapasite Nouyòk pou pwolonje koup di mond lan odela vil òganizatè yo epi pou ankouraje ekonomi lokal yo atravè eta a.

Fèt gratis pou gade Final Koup di Mond FIFA 2026 la nan Central Park te akeyi plis pase 30,000 fanatik. Avèk yon envestisman 9.5 milyon dola nan men Empire State Development ak yon alokasyon 3.5 milyon dola nan men Vil Nouyòk, fèt pou gade match la ap bay patisipan yo yon kote gratis pou yo rasanble epi gade Final Koup di Mond lan. iHeartRadio te sèvi kòm patnè medya ofisyèl pou evènman an. Pèsonalite emisyon nasyonal yo, Charlamagne Tha God ak Elvis Duran, te sèvi kòm mèt seremoni (MC) pou fèt sa a ki te reyini moun pou gade match la, epi evènman an te gen ladan l tou amizman an dirèk ak machann manje lokal yo.

Enpak tounwa a kontinye ale pi lwen pase benefis ekonomik li. Kòm yon pati nan bidjè ane fiskal 2027 yo te adopte a, Gouvènè Hochul te lanse pwogram NY Kicks: la ki evalye a 5 milyon dola Yon Fon Envestisman Eritaj Koup di Mond ki vize bati enfrastrikti foutbòl nan kominote defavorize yo atravè chak rejyon nan eta a pou ranfòse katye yo epi rasanble moun yo atravè yon lanmou pataje pou jwèt la apre Koup di Mond lan fini. Bidjè a gen ladan tou jiska 1 milyon dola nan finansman adisyonèl pou sipòte moun ki resevwa finansman NY Kicks yo avèk ekipman, fòmasyon ak lòt depans fonksyònman pou maksimize itilizasyon nouvo enstalasyon sa yo, tankou inifòm, pwoteksyon tibya, balon foutbòl ak antrenè.

Ansanm, pèfòmans ekonomik rekò tounwa a ak envestisman dirab nan kominote yo ranfòse plis toujou pozisyon Nouyòk ak New Jersey kòm destinasyon prensipal nan mond lan pou gwo evènman espòtif mondyal — avèk enfrastrikti, eksperyans ak resous rejyonal san parèy pou akeyi mond lan nan yon echèl ekstrawòdinè pandan y ap pote benefis dirab pou moun ki konsidere rejyon an kòm lakay yo.

Ou kapab jwenn rapò final la ki rele Enpak Ekonomik ak Fiskal Koup di Mond FIFA 2026 la sou Rejyon Nouyòk ak New Jersey a isit la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.